# Koronavirusqa qarsı emleniń hám qáwetirsiz jasań!

Hámmege belgili házirgi waqıtta respublikamızda xalıqtı basqıshpa-basqısh koronavirusqa qarsı ǵalaba túrde shanshıw ilájları alıp barılmaqta. Sońǵı kúnlerde koronavirus infekciyası menen keselleniw jaǵdaylarınıń artıp baratırǵanı shanshıw ilájların jáne de jedellestiriwdi talap etpekte.
Búgin Ministrler Keńesi, ministrlikler, basqarma hám komitetlerdiń miynet jámááti “ZF-UZ-VAK 2001” vakcinası menen 1-basqıshta shanshıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Shanshıw ilájların ótkeriwden tiykarǵı maqset, keselleniwshilikti, sonday-ak, bul kesellikten júzege keletuǵın awır jaǵdaylardıń aldın alıwdan  ibarat. Kesellikke qarsı shanshıw ótkerilgennen keyin organizimde virusqa qarsı antidenesheler payda boladı. Bul antidenesheler organizimge virus túskende kesellik shaqırıw dárejesine shekem kóbeyiwge úlgermesten olardı joq etiw ushın organizimdegi immun kletkalardı jiberedi. Nátiyjede kesellikke shalınıӯ itimalı páseyedi, egerde kesellik júzege kelgen jaǵdayda da jeńil keshiwin támiynleydi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Húrmetli puqaralar, sizlerdiń óz waqtında emleniwińiz hám karantin qaǵıydalarına ámel etiwińiz tek ǵana ózińizdi qorǵap qoymastan jaqınlarıńızdıń da salamatlıǵın saqlawda oǵada áhmiyetli. Sonlıqtan, koronavirusqa qarsı emleniń hám qáȳetirsiz jasań!